¹Zvino nemazuva iwayo chirevo chakaitiwa naKesari Augusto,kuti nyika yose inyorewe mazita. ²Uku kwaive kuverengewa kwekutanga Quirinius iva mubati weSiriya. ³Munhu wese akaenda kunenyorewa muguta rake. ⁴Josefa wakavha kuGararia muguta reNazareta ,akaenda kuJudea,kuguta raDavida,rinonzi Betrehema ,nekuti aiva wenyumba yaDavida. ⁵Akaenda pabodzi naMaria uyo waaava nechitsidza uye waiva nepamuviri. ⁶Zvino akati mazuva ekuzvahwa kwemwana asvika. ⁷Akatumbuka mwana mukomana,dangwe rake,akamuputira nemicheka mirefu,akamurarisa mudanga nekuti pakanga pasina nzvimbo mudzimba. ⁸Zvino kwakanga kuine vafudzi munzvimbo iyoyo vaigara muminda,vachikengeta makwai masiku. ⁹Mutumwa waMwari wakaonekwa kwavari, kubwinya kwaMwari kwakaraidza kwavari,vakapindwa nekutya kukuru. ¹⁰Mutumwa akati kwavari," musacha nekuti nakuretereni nhau yakanaka ichaunza mufaro kuvanhu. ¹¹Nhasi mununuri wazvariwa kwamuri muguta raDavida ndiKirisitu mambo! ¹²Ichi chiratidzo kwamuri : muchawana mwana akaputihwa nemechira ari mudanga". ¹³¹⁴Ipapo waive pedyo nemutumwa gurusvusvu raivha kudenga, rainamata Mwari risiti, "Mwari ngaarumbidzwe wekumusoro ¹⁵Zvakaitika ipapo ngirizi padzakaenda kudenga ,vafudzi vakaudzana kuti,"hendeni kuBetrehema tinenangara chinhu chakaitika chakagadzira naMwari kuti tizive. ¹⁶Vakamhanyira ikoko vakawana Maria,Josefa nemwana vakaenzera mudanga. ¹⁷Pavakapedza kumunangara vakaziva zvakanga zvarehwa nezvemwana. ¹⁸Vese vakanzva zvavashamisa zvavakataurihwa nevafudzi. ¹⁹Asi Maria wakachengeta mashoko iyawoakanzva,asima chengeta mumoyo make. ²⁰Vafudzi vakadzokera,vachirumbidza Mwari pne zvese zvavakanzva nekuona,sezvavakanga vaudziwa. ²¹Pakarepo mazuva masere,pavakachecheudziwa,vakatumidza zita rakeJesu.Zta rarkrpiwa nemutumwa asati ava mudumbu raamai vake. ²²Zvino mazuva ekucheneswa adarika,zvichienderana nemutemo waMosesi,vakaenda naye mutemberi yaiva muJerusarema kuti vamuise pamberi pashe. ²³Sezvazvakanyohwa pamutemo washe,"murume wese anozurura chibereko anogara nashe," ²⁴Vakapa chibairo zvichienderana nemutemo waShe," njiva mbiri kana hangaiwa diki mbiri." ²⁵Paivapo nemurume muJerusarema wainzi Simioni, murume uyu waiva wakarurama akazvipira Aiva akamirira kunyaradziwa kwevaIsairi, nemweya mutsvene waiva paari. ²⁶Iye ainge atondedzewa nemweya mutsvene kuti haaizoonza rufu asati aona Kirisitu mambo. ²⁷Kutungamirihwa nemweya, Simioni akauya kutemberi, vabereki vakauya nemwana Jesu, kuti aite naye nenzira yemutemo. ²⁸Akamutora akamuisa mumanja akarumbidza Mwari, akati, ²⁹"muranda wenyu ngaaende nerugare, Ishe,zvichienderana nemeshoko enu. ³⁰Nekuti meso angu aona ruponiso hwenu. ³¹Hwama gadzira pamberi pavanhu vese: ³²Chiedza chechizaruro kuvemarudzi nekubwinya kuvaIsairi. ³³Baba namiyake vakashamisiwa nezvakarehwa pamusoro pake. ³⁴Simioni akavaropafadza akati kuna Maria miyake , " nangaramwana akaisihwa kuwa nekumuka kwevanhu vemuIsairi nechiratidzo chakarambwa- ³⁵uye munondo uchabaya moyo wako-kuti mufungo yemoyo yako izaruhwe."

Chapter 7

¹Jesu wapedza zvose zvayitawura vanhu vasinzva, akavha apinda muCapenamu.²Ipapo wezana wakanga ayina muranda waidisisa fani; uye ayihwara ayida kufa. ³Apo wezana paakanzva nezvaJesu, akatuma vakuru vechirudzi chamaJudha kwaari, asi mukumbira kuti awuye kuzorapa musevenzi wake. ⁴Apo vakasvika kuna Jesu, vakamukumbira zvepasa tsitsi, vasiti, "akafanira kuti mumubatsire, ⁵Nekuti aneda nyika yedu, uye ndiye akativakira Sinagogu". ⁶Naizvozvo Jesu wakaenderera nehendo navo. Asi apo asiri kure nenyumba wezana wakatuma shamwari kuti ati kwaari, "Tenzi, musazvinetsa, nekuti handina kodzero yokuti muuye kunyumba kwangu. ⁷Nepamusana pezvo handina kuona zvakodzera kuti ndiuye kwamuri, asi taureni shoko benzi muranda wangu anepora. ⁸Nekuti neniwo ndiri murume ane simba, nemauro ari pasi pangu. Ndineti kune uyo, 'Enda; uye aneenda, uye kune umweHuya; uye aneuya, uye kumusevenzi wangu, Ita izvi anezviita." ⁹Apo Jesu paakanzva izvi, akashamisika naye, uye asinganangara kuchawunga chaimutevera akati, "Ndineti kwamuri nyangwe kuZirairi handisati ndamboona kutenda kwakadai". ¹⁰Apo vakanga vatumwa vadzokera kunyumba, vakawana muranda ane hutano. ¹¹Pakarepo asangopedza, Jesu wakaenda kuguta rainzi Naini, navadzidzi vake negurusvusvu revanhu rakaenda naye. ¹²Paakasvika padhuze pemusuwo weguta murume ainge afa wakanga wakatakuhwa vasibuda, mwanakomana mubodzi wamai (chirikadzi), uye gurusvusvu revanhu vaivha muguta makaremo vaiva naye. ¹³Apo Tenzi wakamuona wakabatika kana chaizvo nekumunzvira tsitsi "Usachema". ¹⁴Pakarepo akasimuka ndokubata chevezewa chechimuti chaakanga akatakurihwa nacho, avo vakanga vakachitakura vakaramba vakamira. Akati, "Mwanakomana, Ndineti kwauri, simuka." ¹⁵Murume wakanga akafa akasimuka ndokutanga kutaura, Jesu ndokumupa kuna mai vake. ¹⁶Zvino vese vakavha vabatiwa nekucha, ndekuramba vasirumbidza Mwari, vasiti, "Muporofita mukuru azvariwa pakati pedu" uye "Mwari varangarira vanhu vake". ¹⁷Mashoko aya epamusoro paJesu akafamba chaizvo muJudhiya rose neNharaunda dzakakomberedza, ¹⁸Vadzidzi vaJohani vakamutaudza zvose zvinhu izvi Johani akadana vadzidzi vake vaviri ¹⁹uye akavatumwa kuna Tenzi, "Ndiwe here urikuzouya, kana kuti ndinangarire mumwe asauya?" ²⁰Pavakauya padhuze naJesu, varume vakati, Johani mubhabhatidzi watituma kwauri kuti, "Ndiwe here wazouya, kana kuti tinangarire mumwe?" ²¹Panguva iyoyo wakaporesa vanhu vazhinji vaihwara nekutambudzika nemweya wakaipa, uye kumapofu mazhinji akama penyesa. ²²Jesu akapindura akati kwavari, "Mushure mekunge maenda nenzira yenyu, muno udza Johani zvamaona nekunzva. Mapofu arikupenya, zvirema zvirikufamba, vanemaperembudzi vakuchenesewe, matsi dziri kunzva, vahu vakafa varikumuka kuhupenyu, uye varombo varikudziwa mashoko matsvene. ²³Munhu asingamira kutenda mandiri nekuda kwemabasa angu akaropafadzwa." ²⁴Nhume dzaJohani dzaenda, Jesu wakatanga kutaura kukuchawunga nezva Johani, "Makaenda kunze kugwenga kunooni? Tsanga yaizunguziwa nemhepo? ²⁵Asi makaenda kunooni? Nangarei, Murume akafeka zvigogo zvakanaka uye vane gara pamutefetefe varikumuzinda wambo. ²⁶Asi makaenda kunze kunooni? Muporofita? Hongu, ndeneti kwamuri, uye anodarika muporofita. ²⁷Uyu ndizvo zvakananyohwa, 'Maona, Ndirikutumira munyai wangu pamberi penyu, iye achagadzira nzira pamberi penyu.' ²⁸Ndineti kwamuri, pakati pe avo vakaberekewa nemunhukadzi hapana anokurira Jonhi. Asi uyo mudiki kuumumbo hwaMwari mukuru kufuura iye." ²⁹(Vanhu vose pavakanzva izvi, Kusanganisira vateresi, vakavhumirana kuti Mwari ndiye mutsvene, nekuti vakabhabhatidziwa nerubhabhatidzo hwaJonhi. ³⁰Asi vaFarisi navazivi nemutemo vakaramba nzira yakashandisiwa naMwari kwavari, nokuti vakange vasina kubhabhatidziwa naJonhi.) ³¹Kuchii, zvino, Ndingfananidze here chizvahwa chino? Kuti chakadiniko? ³²Vakafanana nevana vadiki vaotamba mumusika, vanogara vachidaidzana kune umwe neumwe uye vasiti, "Takakurudzira chipendani, asi hauna kutamba. Takayimba nziyo dzemariro, asi hauna kurira." ³³Asi Jonhi mubhabhatidzi wakauya asije chambwa kana kumwa maburo, asi uneti, 'Ane Dhimoni.' ³⁴Mwanakomana waMwari wakauya asija uye nekumwa, uye muneti, 'Nangarei, murume anokara uye anakorewa, shamwai yevateresi uye vatadzi!' ³⁵Asi huchevhu hunoonekewa nevana vake vose." ³⁶Pakarepo umwe wevaFarisi wakadana Jeso kuti aje naye. Nekudaro Jesu apinda munyumba yemuFarisi, akazembera patafura kuti aje. ³⁷Nangarei, pakanga pane mukadzi muguta makaremo waiva mutadzi. Mukadzi paakaona kuti Jesu akanga akazembera patafura munyumba yemuFarisi, akauya nemukombe wemafuta anonhuwirira. ³⁸Paakamira kumasure kwake padhuze nemakumbo ake, asirira, wakatanga kunyorovesa tsoka dzake nemisodzi yake, uye akaapukuta nevhudzi rake uye akatsoda tsoka dzacho uye akazora mafuta anonhuwirira. ³⁹Apo Mufarisi uyo wakanga wadana Jesu aona izvi wakafunga pachezvake, asiti "Kana dai murume uyu ari muporofita, uye aiziva kuti ndiyani uye kuti imhandoyi yemukadzi arikumubata, kuti mukadzi uyu mutadzi." ⁴⁰Jesu wakapindura uye wakati kwaari, Sayimoni, ndine chinhu chandeda kutaura kwauri." ⁴¹Jeso wakati, "Umwewo wevanhu vanopa zvikwereti zvemari wakanga anevakwereti vaviri. Umwe akanga akakwereta mazana mashanu emadhinari, uye umwe makumi mashanu emadhinari. ⁴²Apo vakatadza

kubhadhara wakavaregerera vaviri ava. Naizvozvo, ndiyani pakati pavo achamuda kudarika umwe?" ⁴³Sayimoni wakamupindura uye asiti, "Ndefunga uyo waakaregerera aine chikwereti chikuru". ⁴⁴Jesu wakazunguruka akati kumukadzi ndokutiwo kuna Sayimoni, "Unoona mukadzi uyu. Ndapinda munyumba yako. Hauna kundipasa mvura yemakumbo angu, asi wanyorovesa makumbo angu nemisodzi yake uye akapukuta nevhudzi rake. ⁴⁵Hauna kunditsoda, asi kuvha ndapinda haana kumira kutsoda tsoka dzangu. ⁴⁶Hauna kuzora musoro wangu nemafuta, asi azora tsoka dzangu nemafuta anenhuwirira. ⁴⁷Pamusana, pechikonzero ichi ndineti kwamuri, zvitadzo zvake, zvakanga zvakawanda, zvaregerehwa - nepamusana perudo. Asi uyo aneregerehwa zvisoma, anerudo rwuushomawo." ⁴⁸Ipapo wakati kwaari, " zvitadzo zvako zvaregerehwa," ⁴⁹Avo vakanga vakazembera patafura naye vatanga kutawura pachavo, "Ndiyani uyu zvake anoregera zvitadzo?" ⁵⁰Ipapo Jesu wakati kumukadzi, " Kutenda kwako kwakubetsera. Enda murunyararo.

Acts

Chapter 1

¹Chiitiko chandakanyora ,Thiyoferasi , akataura zvose Jesu zvaakatanga kuita nekudzidzisa, ²Kusvikira zuva raakatorewa kudenga, mushure mekunge arayirihwa nemweya mutsvene kuva positora vaakanga asarudza. ³Mushure mekutambudzika kwake, akazviratidza kuti mutano kwavari nezviratidzo zvizhinji zvaigutsa. Nekuti akazviratidza kwavari kwemazuva gumi mana, ndokutaura pamusoro pehumambo hwaMwari. ⁴Paaisangana pamwe chete navo, akavaudza kuti vasabuda muJerusarema, asi kuti vamirire vimbiso yababa, iyo yaakataura, "Makanzva neni kuti ⁵Jonhi viye akawombeka nemvura, asi musahewombekewa nemweya mutsvene mumazuva mashoma." ⁶Pavakaungana pabodzi vakamuvhunza, "Ishe iyi ndiyona yamusadzorerera humambo kuvaIzirairi?" ⁷Akati kwavari, "Hazvisi kwamuri kuti muzive nguva kana mwaka izvo baba vangu zvakagadzira nesimba ravo. ⁸Asi musagamuchira simba kana mweya mutsvene wauya pamusoro penyu, muchava vapupuri vangu kose kuJerusarema neJudhiya rose neSemariya, kusvika kumapeto kwenyika," ⁹Apo Ishe Jeu paakataura zvino izvi, pavainangara mudenga, gore rakamuhwandisa kuvha kumeso avo. ¹⁰Pakarepo vasiri vakanangarisira kudenga paayiyenda, pakarepo, varume vaviri vakamira navo vane vakafeka hembe chena. ¹¹Vakati, "Imi varume veGareri, seiko makamira pano makatarisa kudenga? Jesu uyu wakavhisiwa kwamuri kuyenda kudenga, asadzoka zvakare nenzira ibodzi yamamuwona asaenda nayo kudenga". ¹²Zvino vakadzokera Jerusarema vasisvha kugomo rainzi Orivhi, riri padhuze neJerusarema, hwendo hweSabata. ¹³Pavakasvika, vakakwira kuchikamuri chechina, apo pavaigara. Vavari vana Pita, Jonh, Jemusi, Enduru, Firipi, Tomasi, Batoromiyo, Matewo, Jemusi mwanakomana waArufasi, sayimoni muziroti, naJudhasi mwanakomana waJemusi. ¹⁴Vose vakatanga kunamata chinangwa chibodzi, pabodzi nevakadzi, naMariya amai vaJesu nemadzikoma ake.

Chapter 10

¹Ipapo pakanga pane mumwe murume muguta reSizariya, Koneriyasi, zita rake, wezana vaidaidziwa kuti vechi Itari Boka reMasojja. ²Akanga ari murume wakarurama, murume aicha Mwari nemhuri yake yose, waipasa zvipo zvakawanda kuvanhu, uye asinamata kuna Mwari nguva dzose. ³Panguva yechifumbamwe yezuva, akaona chiono chengirozi ya Mwari isiwuya kwaari. Ngirozi yakati kwaari, "Koniriyasi!" ⁴Koniriyasi akatarisa kungirozi akachisiwa nazvo chaizvo wakati, "Chiniko nhaimi, vanoremekedzewa?" Ngirozi yakati kwaari, "Minamoto nezvipo zvako zvakwira kudenga sechirangaridzo chezvipo muhupo hwa Mwari. ⁵Zvino chituma vanhu kuJopa vandivigire murume anonzi Sayimoni anonzi Pita. ⁶Anogara nemugadziri wenyatera anonzi Simoni, nyumba yake iri padhuze nenyanza." ⁷Pakayenda ngirozi yataura naye, Koniriyasi akadana varanda vaviri. ⁸Koniriyasi akavataudza zvese zvakanga zvaitika ndokuvatumira kuJopa. ⁹Pakarepo pazuva rakatovera nenguva dzetanhatu, pava kanga vava pahwendo hwavo uye vanga vakutarisana neguta, Pita akakwira pamusoro penyumba kwaanata. ¹⁰Akanga zvino wave nenzara wakuda chekuja, pava kanga vobika chekuja chiedza chakauya kwaari, ¹¹akaona denga risivhurika, chimwe chunhu kunge jira guru chichidzika panyika, chichidzika nemakona mana. ¹²Mayiri makanga mune mhuka dzose dzemakumba mana nezvinhu zvaikambaira panyika, neshiri dzedenga. ¹³Zvino inzvi rakataura naye: "Simuka, Pita, uraya uje." ¹⁴Asi Pita akati, "Kwete kudaro, Ishe; nekuti handina kuvhira ndakaja chikasvibisiwa kana chisina kuchena." ¹⁵Asi inzvi rakauya kwaari zvakare kechipiri: "Mwari chaakaita chakanaka, haufaniri kuchiita chakasvibisiwa." ¹⁶Izvi zvakaitika katatu; pakarepo chimudziyo chiya chakavha chatorewa kuenda kudenga. ¹⁷Zvino Pita asirikuvhiringidzika nekua kwechiono chaanga aona kuti chaireveni, nangarei, murume anga atumiwa na Koneriyasi amire pamberi pemusuwo, musure mekunge vavhunza nzira yekunyumba. ¹⁸Vakadanidzira vakavhunza kozvino Simoni, iye aimbonzi Pita, waigara kwakareko naa. ¹⁹Pakarepo Pita asiri kufunga nezve chiono, mweya wakati kwaari, "nangarawuone, varume vatatu varikukusvaga." ²⁰Simuka uenda zasi uyende navo. Usingache kuenda navo, nekuti ndavatuma. ²¹Zvino Pita akaenda kuvarume akati, "Ndini wakareyo yamurikusvaga. Seiko mauya?" ²²Vakati, "Wezana iye anenzi Koniriyasi, murume wakaruramazvakare asicha Mwari, uye anetauriwa zvakanaka nezvake nemarudzi ose evaJudha, akarairiwa nengirozi tsvene kukutumira kwauri kuti uuye kunyumba yake, nekudaro unogona kutetekera shoko rinevha kwauri." ²³Zvino Pita akavakoka kuti vapinda vagare navo. Makuseni aitevera akamuka akayenda navo, nedzimwe hama kubva kuJopa vakamususikidza. ²⁴Musi wayitevera vakaenda kuSizariya. Koniriyasi anga akavamirira, wakanga wadana hama dzake neshamwari dzepadhuze pamwe chete. ²⁵Zvakasvika pakudai apo Pita paakapinda, Koniriyasi wakasangana naye ndokuwira patsoka dzake kuti amunamate. ²⁶Asi Pita akamubatsira, asiti, "Simuka! neniwo zvakare ndiri munhu sewe." ²⁷Pita asiri kutaura naye, wakaenda akawana vahu vazhinji vakaungana. ²⁸Akati kwavari, "Imi muneziva kuti hazvibo pamutemo kuti muJudha atandare kana kuvhakachira mutoha asiri muJudha. Asi Mwari wakandiridza kuti handifanire kutaura chero munhu kuti wakanyangara kana kuti wakasviba. ²⁹Ndosaka ndauya pasina mhikiso, pandakatuimiwa. Zvino ndakukuvhunza kuti komakanditumirei." ³⁰Koniriyasi wakati, "pamuzuva mana afuura panguva yakadai, ndainamata panguva ye fumbamwe munyumba yangu; ndokuona, murume akamira pamberi pangu nehemb dzaipenya. ³¹Akati, 'Koniriyasi, minamoto yako yanzviwa na Mwari, nezvipo zvako zvarangaridza Mwari nezvako. ³²Nekudaro tumira mumwe munhu kuJopa, okudanira munhu anenzi Sayimoni waPita. Arikugara munyumba yemugadziri wematehwe anenzi Sayimoni, mumapeto menyanza. "Zvino paaneuya asataura kwauri. ³³Zvino ndatumiwa kwauri nekukurumbidza. Waita zvitsvene ukauya. Zvino tose tiripo muchionioni cha Mwari kuti tinzve zvese zvawaraihua naJehovha kuti utaure". ³⁴Zvino Pita akashama akati, "Zvechokwadi ndinenzvisisa kuti Mwari haazi wechidimbu. ³⁵Asikuti, rudzi woga woga unemucha nekuita zvitsvene anehugamuchira. ³⁶Muneziva shoko rakatumiriwa kuvanhu veIzirairi, apo pakataura nhawu dzitsvene pamusoro kugarika kubudikidza naJesu Kirisitu, aneva iye Ishe wezvose- ³⁷iwe uneziva zviitiko zvakaitika, zvakaitika Judhiya yose, zvakatangira kuGarariya, mushure meruombeko hwakatawuhwa naJowani; ³⁸zviitiko mayererano naJesu weNazareta, kuti Mwari vakamuzodza zvakadii nemweya mutsvene uye nesimba. Akaenda asiita zvakanaka nekuporesa vose vaimanikidziwa naDhiyabhorosi, nekuti Mwari waiva naye. ³⁹Tirizvapupu zvezvinhu zvese zvakaitiwa naJesu, zvose munyika yevaJudha nemuJerusarema. Vakamuuraya nekumuturika pamuti, ⁴⁰asi Mwari wakamumutsa nezva retatu akaita kuti awonekwe, ⁴¹kwete nevanhu vose, asi kuzvapupu zvakasaruudiwa na Mwari- nesu takaja nekumwa naye mushure mekunge amuka kuvakafa. ⁴²Wakatiraira kuti tidanidzire kuvanhu neku pupura kuti uyu ndiye akasarudziwa na Mwari kuti ave mutongi wevapenyu pabodzi nevakafa. ⁴³Pamusoro pake vose maporofita vanepupura, kuti wose anetenda kwaari anegamuchira kuregerehwa kwe zvitadzo kuburikidza nezita rake. ⁴⁴Pakarepo Pita asiri kutaura zvinhu izvi, mweya mutsvene wakawira kune vose vaimuteerera mharidzo yake. ⁴⁵Kuvanhu avo vaizviti iboka revakadzingisiwa revatendi- vose vauya kuna Pita -vaishamisika,

nekuda kwechipo chemweya mutsvene chakanga chadururiwa zvakare nekuvaHedheni.⁴⁶ Nekuti vakanzva zvinhu izvi zvekutaura nendimi nekusimudzira Mwari. Zvino Pita wakapindura,⁴⁷ "Pane here angavharire vanhu ava mvura yekuti vawombekewe , vanhu ava vakagamuchira mweya mutsvene sesu?"⁴⁸ Pakarepo akaraira kuti vawombekewe nemuzita raJesu Kirisitu. Ndokuvakumbira kuti vagare naye kwemazuva

Chapter 11

¹Zvino vaapositora nedzimwe hama vamwe vakanga vari paJudhiya vakanzva kuti vaHedheni vakanga vagamuchira shoko raMwari. ²Pita paakasvika paJerusarema, kune avo vechikwata chezvemukuchekuruhwa chakamupikisa; ³vakati, "Unetandara nevarume vasina chukukuruhwa usija navo!" ⁴Asi Pita akatanga kutsanangura chinhu kwavari nemonemo, asiti, ⁵Ndainamata muguta reJopa, mukucha ndakaona chioni chemudziyo chichidzika, sebiza guru richiburuka kuhva kudenga nemakona mana. Rakadzika kwandiri. ⁶Ndakarinarangisa ndokufunga nezvaro. Ndikaona mhuka dzine makumbo mana dzepanyika, zvikara zvesango, zvinhu zvaikambaira, neshiri dzedenga ⁷Zvino ndakanzva inzvi risiti kwandiri, Simuka, uraya uje! ⁸Ndikati kwete kudaro, Ishe; nekuti hapana chakaipa kana chakasviba chakambopinda mumuromo mangu. ⁹Asi inzvi rakapindura zvakare risivha kudenga, 'Icho Mwari chaakaita chitsvene haufanire kuchiita chakasvibisiwa.' ¹⁰Izvi zvakaita katatu, zvino zvhu zvole zvakavha zvatoiswa kuenda kudenga zvakare. ¹¹Nangara, pakarepo pakanga pane varume vatatu vakanga vakamira pamberi penyumba pataiva; vakanga vatumiwa kwandiri kuvha Sizariya. ¹²Mweya wakandiraira kundiyenda navo, uye kuti handaifanira kuzovacha. Hama nomwe idzi dzakaenda neni, ndokupinda munyumba memurume. ¹³Akatiudza nezvekuona kwakaita nako mutumwa akamira munyumba make asiti, 'Tumira varume kuJopa undivigire Sayimoni anonzi Pita. ¹⁴Asataura kwamuri shoko richaponesewa naro-imi pabodzi nevedzumba dzenyu.' ¹⁵Pandakatanga kutaura navo, mweya mutsvene wakauya pamusoro pavo, sezvawakaburuka pamusoro pedu pakutanga. ¹⁶Ndakarangarira mashoko a Ishe, apo paakati, 'Jowani chokwadi akawombeka nemvura; asi imi muchawombekewa nemweya mutsvene.' ¹⁷Zvino kana Mwari vakavapa zvipo sekupa kwaakaita kwatiri patakatenda munaIshe Jesu Kirisitu, zvino ini ndaiva chiniko, zvekuti ndingapikise Mwari?" ¹⁸Pavakanzva zvinhu izvi, hapana chavakapindura, asi vakakuza Mwari vasiti, "Zvino Mwari vapa kutendeuka nekuvaHedheniwo zvakare." ¹⁹Zvino kune avo viva vamwaikidzidzana nekuda kwetambudzika kwakanga kwasimuka panaSitivhini kwakasvika kwese kuFonisiya, Sayipurasi, neAndiyoki, asingotaura shoko chete kuva Judha. ²⁰Asi vamwe vacho varume vaivha Sayipurasi neSayirini, vakauya kuAndiyoke ndokutaura zvakare kuvaGiriki, vasishevedzera ivhangeri raIshe Jesu. ²¹Hwanja hwaMwari hwakanga hunavo; mhomho yakadzikinuriwa vamwe vakadzokera kuna Ishe. ²²Guhu nezvavo rakasvika munzeve yekereke yepaJerusarema, ndokutumira Bhanabasi kuAndiyoki. ²³Paakauya akaona nyasha dzaMwari, akafara akakuridzira vose kusara naIshe vanechinangwa mumoyo. ²⁴Nekuti waiva murume mutsvene azere nemweya mutsvene nekutenda, vanhu vazhinji vakawedzerewa kuna Ishe. ²⁵Bhanabhasi ndokuenda kuTasasi kunonatsotsvaga Sauro. ²⁶Paakamuwana, akauya naye kuAndiyoke. Zvakasvika pakudai, kuti kwegore rose vakaungana pabodzi nekereke nekufundisa vanhu vazhinji. Vadzidzi ndivo vakaita vokutanga kunzi Makiritu muAndiyoke. ²⁷Zvino pamazuva akareya vamwe vaporofita vakadzika vasivha Jerusarema kuenda Andiyoki. ²⁸Mumwe wavone, wainzi Agabhasi, wakasimuka ndokuratidziwa nemweya kuti nzara huru yaizovapo munyika yose. Izvi zvakaitika mumazuva aKiraudhiyasi. ²⁹³⁰Zvino vadzidzi, sekukwanisa kwemubodzi nemubodzi, ndokutsidza kuti vatumire zvinhu zvaizobatsira hama dzekuJudhiya kuvha kunzara. Vakaita izvi; vakatumira mari kuvakura iri mumaoko aBhanabhasi naSawuro

Chapter 12

¹²Zvino panguva yakareyo Herudhe mambo akaisa maoko kune vamwe vaiva vekereke kuti avawomborodze. ²Ndokuuraya Jemusi mukoma waJowani nefumo. ³Pakawona kuti izvi zvakafadza majudha, wakanderera mberi kusvikira pakuurayaPita zvakare. Yaiva nguva yemazuva echingwa chisinambiriso. ⁴Mushure mekunge vamusunga, akamisa muchitokisi, ndokuisa kumasoja mana kuti vamuchengete; aitira kuti azomuendesa kuvanhu kana mutambo weKufuura wapera. ⁵Zvino Pita akachengetewa muchitokisi, asi munamato wakatiwa vakapererera kuna Mwari asinamatiriwa nevakanga vari mukereke. ⁶Panguva yehusika Herudhe asati ayenda kunomubuditsa kuti atongewe, Pita waiva wakarara pakati pemasoja maviri wakasungwa nemahanisi, vamwewo zvakare varindi pamberi pemusuwo vairamba vakatarisa chitokisi. ⁸Nangarawuwone, mutumwa waIshe wakazviratidza kwaari, chiedza chakavheneka muzvikamuri zvechitokisi. Wakarova Pita parutivi ndokumumutsa ndokuti, "Simuka nekukurumbidza, "mahanisi akawa mumaoko. ⁷Ngirozi ikati kwaari, zvisunge usimire nyatera dzako. "Pita akaita sekukadaro. Ngirozi yakaiti kwaari, "Simira hembe yako yekunze unditevere." ⁹Zvino Pita akatevera mutumwa ndokubuda. Haana kuziva kuti zvaitiwa nengirozi chaiva chokwadi. Akafunga kuti aiwona chiratidzo. ¹⁰Pavakafuura panemuchengeti wokutanga newechipiri, vakapinda nesuwo resimbi raibudira kuguta; ndokuvhurika rega. Vakabuda ndokudzika nemugwagwa, ngirozi ndokumusiya pakarepo. ¹¹Pita wakadzoka pachazvake, "Zvino ndave kuziva chokwad Ishe vakatumira ngirozi dzikandinunura kuvha kumaoko aHerudhe, kuvha kuzvinhu zvole vanhu vechiJudha vaitarisira. ¹²Paakafunga izvi, wakaenda kunyumba yaMeri amai waJowani, zvakare vainzi Maki, apo vanhu vanji pavakanga vakaungana zvakare vachinamata. ¹³Paakagogodza pamusuwo wegonghi, muranda sikana wainzi Rhodha akauya kuzopindura. ¹⁴Paakaziva inzvi raPita, nekuda kwekufarisisa muskina akakundikana kuvhura gonghi; asikuti, wakatouya asimhanya muchikamuri; ndokutaura kuti Pita wakanga wakamira pamusuwo. ¹⁵Ndokuti kwaari, "Urikupenga" Asi wakaramba singodaro kuti ichokwadi. Ndokuti, "ingirozi yake." ¹⁶Asi Pita wakaramba achigogodza, pavakavhura gonghi, vakamuona ndokushamisika. ¹⁷Pita ndokungofambisa hwanja hwake asivati vanyarare, nokuvakurukudzira pamusoro pekuditsiwa kwaakanga aitiwa naIshe kuvha muchitokisi. Akati, "Taura zvinhu izvi kunaJemusi nedzimwe hama." Ndokuvha akayenda kune imwe nzvimbo. ¹⁸Zvino paakasvika masikati, hapapa kutombova nekunyonganisana pakati pemawuto nekuda kwezvazvaitika pana Pita. ¹⁹Mushure mekunge Herudhe amusvaga zvakare amushayira, akavhunza varindi ndokurira kuti vauraiwe. Zvino Herudhe wakadzika kuvha Judhiya wakananga Sizariya ndokugara kwakereke. ²⁰Zvino Herudhe wakanyetere chaizvo nekuda kwevanhu vemuTire neSidhoni. Vakaenda kwaari nechinangwa chibodzi, mushure mekunge vakwezva Bhurasitasi, mubatsiri wamambo, kuti avayamure, vakakumbira runyararo nekuti nyika yavo yakanga yawana chekuja kuvha kuna mambo wavo. ²¹Pakunyura kwezuva Herudhe wakazvisimidza muhembe dzitsvene ndokugara pachigaro; ndokutaura shoko kwavari. ²²Vanhu vakadaidzira, "Iri ndiro izvi ramwari kwete remunhu! ²³Pakarepo ngirozi yaIsheyakamurova, nekuti haana kupa kupenya kuna Mwari; wakajiwa neminyoka akafa. ²⁴Asi shoko raMwari rawanda nekuwedzerewa. ²⁵Zvino Bhanabhasi naSauro vapedza hwendo hwavo, vakadzoka kuvha Jerusarema, vakatorawo zvakareJowani wakwaana Mako.

Chapter 15

¹Vamwe varume vakavha Judhiya vasiyaenda Anitiyoki zvakare vachidzidzisa hama, vasaiti, "Kana musina kuchechedzwa netsika yaMosesi, hamungaponesewe". ²Izvi zvakaite Pauro naBhanabasi vakapesana kwazvo nazvo, nekuita nharo navo, vakazowirirana kuti Pawuro naBhanabasi vayende Jerusarema kuva apositora navakuru pamusoro pemubvunzo uyu. ³Naizvozvo vakaperekedzwa nekereke, vakadambudzira nemuFenikiya neSamariya vakatawura zvekutendewuka kwevaHedheni. Vakawuyisa mufaro kuhama dzose. ⁴Zvino vakati vasvika Jerusarema, vakatambiriwa nakaereke navaapositora nevakuru, vakatawudziwa zvese zvakanga zvaitiwa naMwari kwavari. ⁵Asi vamwe varume vakange vatenda, vakange varipabodzi neva Farisii, vakasimuka vasiti, "Vanofarira Kuchechedzwa nekudzidzisiwa kuti vachengete mutemo waMosesi. ⁶Ipapo vapositora navakuru vakawungana kuti vatawure pamusoro penyayayi. ⁷Zvino vakati vapikisana zvakananyanya, Pita akasimuka akati kwavari, "Hama, imi munoziva kuti kuvha kudhara Mwari akandiketa pakati penyau, kuti kuburikidza nemuromo wangu vaVahadheni vanofanira kunzwawo zvakare shoko revhangeri, nekuritenda. ⁸Mwari, vanoziwa moyo, vakavapupurira akavapasamweya mutsvene, sezvaakaita kwatiri. ⁹Haana kupambura pakati pedu navo, akavasuka moyo yavo nkutenda. ¹⁰Zvino koseiko musida kuyedza Mwari, musiyisa joko pamitsipa yevadzidzi rakangagoni kutakuhwa nemadzibaba yedu kana nesu? ¹¹Asi tinotenda kuti isu tisaponesewa nenyasha dza Ishe Jesu, nenzira ibodzi navo" ¹²Gurusvusvu rakanyarara rese vakateeredza vana Bharabhasi naPawuro vasivatawurira zvitededzo nezvishamiso zvakayitiwa naMwari pakati paHedheni. ¹³Zvino vakati vepedza kutawura, Jemusi wakapindura, asiti, "Hama, teeredzei kwandiri. ¹⁴Sayimoni akawura Mwari matangiro avakaite nenyasha dzavo kubetedza vaHedheni kuti vavhise kwavari vanhu nezita rake. ¹⁵¹⁶¹⁷¹⁸Mashoko evaporofita anowirirana nazvo, izvozvo, sezvakanyorewa, 'Kupera kweizvi zvose ndisadzoka, ndivake nyumba inoyera yaDhavhidhi, yakawa, ndisimudza nekudzosera zvakare apo pavakaparadza, kuti vanhu vakasara vatsvage Ishe, kusanganisira vaHedheni vose vachadanidziwa nezita rangu.' Izvi ndizvo zvinotawuriwa naIshe akaita zvinhu zvese. ¹⁸Kuzikaniwa naMwari mukuzienda nakuenda ndiwo mabasa ake ose. ¹⁹Nekudaro, ndasarudza kuti ngatisashungurudzayi vaHedheni avo vakadzokera kuna Mwari. ²⁰Asi tichavanyorerwa kuti vanofanira kuzvichengetedza kure nezvimipunzo, kuvha kuchihure, nekuja mhuka yakafa nekudzipiwa pahuro, nekumwa musiya. ²¹Nekuti Mozesi akazvitauga muguta roga roga kuvhira pachizvahwa chakudhara zvakare arikuparidzwa mumaSinagogu Sabata yoga yoga. ²²Naizvozvo zvakaforihwa navaApositora nevakuru, nekereke yose, kuti vasarudze Judas ainzi Bhasabhasi naSayirasi, kuti vave vatungamiriri vehama, ndokuvatumira kuAntiyoki naPauro naBhanabhasi. ²³Vakanyora izvi nemaoko avo, "Kuhva kuva apositora navakura, hama dzenyu, kuhama dzechHedheni dziri paAntiyoki, Siriya neSirisiya: Kwaziwai! ²⁴Nekuti takanzwa kuti vamwe vanhu vakabuda pakati pedu, pasina vhumo yakahva kwatiri, ndokukuvhiringidzeyi nemashoko avo akaoresa moyo yenyu, ²⁵zvakaforidza kunge zvakanaka kwatiri, isu takava nefungwa ibodzi, kusarudza varume kuti tivatumire kwamuri nevadikani vedu Bhanabhasi naPauro, ²⁶varume vakaisa hupenyu hwavo pangosi nekuda kwezita raIshe Jesu Kirisitu. ²⁷Naizvozvo tatumira Judhasi naSayirasi, ivo vasataura zvinhu zvibodzi nemanzvi avone. ²⁸Izvi zvakanaka kumweya mutsvene nekwatiri, kuti tirege kukutakudzai mutoro mukuru kuzvinhu zvisina mupunduro: ²⁹kuti muzvichengetedze kuzvibayiro zvemuponzo, kumusiya, zvinhu zvakaforidziwa, nechihure. Kana mukasaita zvinhu izvi, munaita zvitsvane. Ndokuonekai nemufaro" ³⁰Nekudaro, pavakakumusiwa, vakadzika kuAntiyoki; mushure mekunge vaunganidza gurususu ravanhu, vakaburisa tsamba. ³¹vakati vaverenga vakafara kwazvo pamusoro pekuvarayidziwa. ³²Judhasi naSirasi nevaporofita vasikurudzira vakoma nemazwi akawanda wakavasimbisa. ³³Vakativagara pakarepo kwekanguva vakayendesewa nehama murunyararo kune vakavatuma. ³⁴Zvisinei, Sirasi akazviona zvakanaka kuti asare pakarepo. ³⁵Asi Pauro naBhanabhasi vakagara Antiyoki, vasedzidzisa nekuparidza (pabodzi nevamwe) mazvi amwari. ³⁶Kwapera mazuva Pauro wakati kuna Bhanabhasi, "ngatidzokere zvino tonovhakachira hama dziri muguta rimwe nerimwe ratakaparidzira mazvi ashe tononangara kuti takadiniko". ³⁷Bhanabhasi wakadawo kutoraJoni wainzi Mako. ³⁸Asi Pauro wakafunga kuti zvakange zvisina kunaka kuti vatore Mako, uyo wakange wavasiya muPamifiriya uye haana kufambira mberi mubasa iri. ³⁹Ipapo, vakatsamwidzana nemubiyake, Bhanabhasi wakatora Mako wakaenda Kipurasi. ⁴⁰Asi Pauro wakasarudza Sirasi wakaenda naye, mushure mekunge vavimbiwa nehama munyasha dzaMwari. ⁴¹Zvino wakaenda nemuSiriya neKirosiya, asisimbisa makereke.

Chapter 16

¹Pauro akauya kuDhebhe neLisitira ,ipapo, tarisa ,umwewo wemedzidzi ayinzi Timoti akange aripowo, mwanakomana wemukadzi muJudha aiva mutendi, asi baba vake vaiva muGiriki. ²Ainyanya kutauhwa nezvake nemadzikoma ake akanga aripa Risitira neIkoniya. ³Pauro aida kuenda naye ,pakarepo akamutora akamudzingisa nokuda vakanga varipo munzvimbo dzakaredzo,nokuti vose vaiziva kuti baba vake vaiva muGiriki. ⁴Pavaipinda nemumaGuta,vaidarika nemuma komba vachitovedza zvakanga zvatawuhwa nemapositori nevakuru vakanga varimuJerusarema. ⁵Pakarepo kereke yakasimbisiwa mukutenda nekuwedzera pahuwandu zuva nezuva. ⁶Pauro neshamwari dzake vakafamba nematunhu ePerigiya neGaratiya, sezvo vakanga varambidziwa nemweya mutsvene kuti vataure shoko raMwari mudunhu reEzhiya. ⁷Pavakasvika padhuze neMisiya, vakaedzwa kuenda kuBitiniya, asi Mweya waJesu wakavadvizisa. ⁸Akafuura nepaMisiya, vakadzika nekuzasi kweguta reTiroso. ⁹Chiratidzo chakaonekwa na Pauro husuku : Murume we Mesedhoniya wakanga wakamira pakarepo, achimukumbira achiti, " Huyai ku Mesedhoniya muzetibetserawo." ¹⁰Zvino Pauro paakaona chiratidzo, pakarepo takatsvaga kuenda Mesedhoniya, tisipendera kuti Mwari vakanga vatidana kuti tiparidze ivhangeri. ¹¹Tichigadzirisira chikepe kubva kuTiroso, takabva tananga kuSamotiresi, zuva raitevera takaenda Niyeporisi. ¹²Kubva ipapo takaenda kuFiri, rinova ndiro guta re Mesedhoniya, guta guru rakakosha uye riri reboka rechiRoma, uye takagara muguta umu kwema zuva akawanda. ¹³Nemusi weSabata takabuda kunze kwegonhi reruvanze nemumuronga, apa patakafunga kuti yanga iri nzvimbo yekunamatira. Takagara pasi ndokutaura nevakadzi vakanga vakaungana. ¹⁴Mumwe mukadzi wainzi Ridiya, mutengeswi wemucheka webvumbu waibva muguta reTiyatira , iye wainamata Mwari, akatetekera kwatiri. Mwari akabvura moyo wake kuti atetekere zvatauriwa na Pauro . ¹⁵Iye nemba yake vakabhabhatidzwa , Akatikumbira , achiti , " kana mukange manditonga semunhu akarurama kuna Ishe, huyai mugare mumba mangu." Uye takabva tayenda. ¹⁶Zvakasvika pakuda kudaro, patayiyenda kunyumba yekunamatira, mumwe wevasikana varanda wakanga ane mweya wekusonda akasangana nesu. Waivigira vatenzi vake zvizhinji zvaayiwana nekusonda. ¹⁷Mudzimai uyu wakatevera Pauro nesu akatidanidzira, achiti , " Varume ava varanda vaMwari wekusorororo. Vanodanidzira kwamuri nzira yeruponeso." ¹⁸Akaziita izvi kwezvima mazhinji . Asi Pauro, wakatsamwisa naye zvakananyanya,akacheuka akati kumweya, "Ndinokuraira kuti ibva maari neZita raJesu Kristu, " Wakabva wabuda panguva iyoyo. ¹⁹Zvino vatenzi vacho pakaona kuti tariro yekuwana pundutso yakanga yaenda, vakabata Pauro na Sirasi vakavakwevera kuMhomho pamberi pamberi pava tongi. ²⁰Pavakavaendesa pamberi pevatonji , vakati, "Varume ava varikukonzera matambudziko muguta medu. MaJudha. ²¹Varikutaura nezvetsika dzisinga bvumidziwe muchi Roma kuti vadzigamuchire kana kudziita." ²²Zvino chaunga chakamuka chose chichimukira Pauro naSayirasi;vatongi vakaparura nguwo dzavo vakataura kuti varohwe neshamhu. ²³Mushure mekunge vavarova zvakananyanya vakavakandira mutirongo vakaudza varindi vemutirongo kuti vanatse kuvachengetedze kwazvo. ²⁴Mushure mekunge audziwa izvi, vachengeti vemutirongo vakavha vakavakandira mutirongo remukati ndokusunga makumbo avo pachimuti. ²⁵Panguva dzingava pakati pousuku Pauro naSayirasi vainamata vasiimba dzimbo kuna Mwari ,vamwe vasungwa vaivatetekera. ²⁶Panguva yakareyo pakaita kuzunguzika kukuru, zvekuti nheyo dzetirongo dzakazununguka ; pakarepo magonhi ose akavhurika uye ngetane dzemubodzimubodzi dzakasununguka. ²⁷Zvino vachengeti vevasungwa vakamutsiwa kuvha kuhope ndokuona magonhi etirongo akazaruka ; akavhomora fumo rake akuda kuzviuraya ,nokuti akafunga kuti vasungwa vakatiza. ²⁸Asi Pauro akadanidzira neinzvi guru,asiti , "Usazvikuvadza ,nekuti tese tiripo. ²⁹Vacheti vetirongo vakadanidzira zviyedza vakamhanyira mukati, vachigwagwadza nekucha , vakawira pamberi pa Pauro na Sayirasi , ³⁰vakavabuditsa vakati, "Changamira ndodiniko kuti ndiponesewe ?" ³¹Vakati Tenda muna Ishe Jesu, pakarepo uchaponesewa , iwe nemba yako." ³²Vakataura shoko raIshe kwaari, pamwe chete nevaiva navo mumba make. ³³Zvino vachengeti vevasungwa vakavatora pangiva iyoyo yehusiku, ndokushamba maronde avo, iye nevabiyake vakanga varimumba vakabhabhatidziwa pakarepo. ³⁴Zvino pavaiyendesa Pauro na Sayirasi kumusoro kumba kwake akavayisira chokudya pamberi pavo, akafara zvikuru ne avo veimba yake, nekuti vakanga vatenda kuna Mwari. ³⁵Zvino paakanga ava masikati, vatongi vakatumira shoko kuva chengeti , vachiti, "Regai varume avo vayende." ³⁶Vachengeti vetirongo vakataura mashoko kuna Pauro, vachiti, "Vatongi vatumira shoko kwandiri rekuti uyende. Iye zvino chibuda uyende nerugare." ³⁷Asi Pauro akati kwavari , "Vakangotirova pazere vanhu vasina kuti tonga, kunyangwe zvedu tiri tiri vagari vekuRhoma _ndokutikandira mutirongo. Zvino vaneda here nhasi kuti kutibuditsa muchivande? Kwete! Regai vaue ivo vatitungamirire pakubuda ." ³⁸Vachengeti vevasungwa vakataura mashoko aya kuvatonji, zvino pavakanzwa kuti Pauru na Siyirasi kuti va Rhoma vakatya. ³⁹Vatongi vakauya vakakumbira ruregerero kwavari vakavabuditsa, ndokuvakumbira kuti vabude kunze kweguta.

⁴⁰Pakarepo Pauro naSayirasi vakabuda mutirongo ndokuenda kunyumba yaRidiya. Zvino Pauro naSayirasi pavakaona hama, vakadzikurudzira ndokuvha muguta.

Chapter 21

¹Patakavha kwavari takaenda nehwato,takatora nzira yakananga kuguta rainzi Kosi,zuva rakatovera taive kuguta rerwodzi,kuvha ipapo kuguta repatara. ²Patakawana ngarava isingayambuki kuyenda kuPhoenicia ,takagadha takaenda.³Patakaona Cyprus,tisiwona kuruzende kwechikepe,takayambuka kuyenda kuSiriya tikamira paTaya,ndipo paiburusiwa zvakange zvakasengewa. ⁴Patakawona vadzidzi,takagara pakarepo mazuva manomwe.Mweya mutsvene wakaramba usirambidza Pauro kuyendaJerusarema.⁵Pakarepo mazuva yedu okugara yakapera,takabuda takayenderera mberi nehwendo,vese nevakadzi nevana vavo vakatiperekedza kuvha muguta.takagwadama pasi mumbari mbari memuronga, takanamata, ⁶tikayonekana nevabiyedu .Takavha takwira chikepe,vabiyedu vakapenduka kunyumba.⁷Patakapedza hwendo nechikepe kuvha kuTaya, takasvika paToremas.Ipapo takawuchirana nemadzikoma takasvera navo kwezvava ribodzi. ⁸Mangwana achona takasimuka tikaenda kuSizariya.Takanguna munyumba yaFiripi, muvhangeri,akange ari pakati pavanomwe,takagara naye. ⁹Naizvozvo murume uyu ayinge ane mhandara dzina dzayi porofita.¹⁰Patakagara ipapo kwemazuva,umwe muporofita ayinzi Agabhazi akaburuka kuvha kuJudhiya. ¹¹Akauya kwatiri akatora bhandi raPauro.Akazvisunga naro mumakumbo nemumanja akati ,ndezvinotaurwa ne mweya mutsvene, 'Uku ndekuzvisunga kusaita maJudha ari muJerusarema murume ane bhandi iri ,vasamukanda mumanja memahedheni'. ¹²Patakanzva zvinhu izvi, isu nevagere munzvimbo imomo takavimba naPauro kuti tisayende Jerusarema. ¹³Ipapo Pauro akapindura,'Muri kuiteni,musirira nekundishungurudza mumoyo ini ndakagadzirira,kwete kusungiwa chete ,asi kufira muJerusarema muzita raIshe Jesu. ¹⁴Sezvo Pauro akanga asingade kutumikidziwa,takaramba tinyerere takati,'Ishe ngakuitwe kuda kwavo.¹⁵Mazuva aya apera ,takatora nhava takaenda Jerusarema. takaendawo pabodzi nevadzidzi kubva kuSizariya ¹⁶Vakauryawo nemurume ayinzi Munasoni,murume waibva Sipurasi, mudzidzi wanhangwe, uyo wataigara naye.

Ephesians

Chapter 4

¹Inini,semusungwa munaShe,ndinekumbira chaizvo kuti muende zvakafanira kudaidzwa nako. ²Nekuzviisa pasi kwese neunyororo,nemwoyo murefu musiitirana moyo murefu netsitsi. ³Mushingaire kuchengeta kubatana kwemweya muchisungo cherugare.⁴Mune muviri mibodzi nemweya mibodzi sezvamakadaidziwa mutariro ibodzi ,yekudaidziwa kwenyu. ⁵Uyezve Ishe mubodzi nekutenda kubodzi,kubhabhatidziwa kubodzi, ⁶Namwari mubodzi nababa vavose,ari pamusoro pavose unebata vose mukati mavose.⁷Asi mubodzi nemubodzi akapiwa tsitsi nechiereso nechipo chaJeso. ⁸Zviri semagwaro zvaakareva: "Paachakwira kumusoro ,uchatundamirira nhapwa muhutapwa, ndekupa zvipo kuvanhu."⁹Zvinorevei kuti'akakwira,' kunze kwekuti akadzikira kumativi ari pasi penyika. ¹⁰Uyo akaburuka ndiye akakwidza kumosoro -soro kwedenga,kuti azazikise zvese. ¹¹Zvino akapasa vamwe vaApostora kuti vamwe vave vaporofita, vamwe vaparidzi, vamwe vafudzi nevadzidzisi. ¹²kushongedza natsvene vamwari pabasa, pakuvaka mutumbi waKristo, ¹³kusvikira tasvika pakutenda neruzivo rwemwanakomana waMwari, kuti tikure tisvike mauzaro hwaKristo. ¹⁴Kristo akativaka kuti tirege kuva vana vanopupuriswa mberi neshure nemusai sai,tichitakurwa nemhepo yedzidziso dzevanhu vane mano-mano nekunyengera. ¹⁵Asi tireve chokwadi murudo tigokura maari pane zvese,ndiye mukuru,iye Kristo. ¹⁶Kristo akavaka muviri wose, akasanganisa zvakanaka maari nekubatanidziwa nenhengo dzese dzinosimbisa mitezo, umwe nemumwe usabata basa nechiero chawo kuti muviri ukurisiwe pakuvakiwa kwawo murudo. ¹⁷Naizvozvo ndinereva nekupupura chinhu ichi munaShe ,ndisiti musarambe musifara nevahedheni muhupenzi wekurangirira kwavo. ¹⁸Vakasvibisiwa pakunzvisisa kwavo, vari vatohwa paupenyu hwaMwari nekuda kwekushaya hanya kwavo kuri pakati pavo, nekuda kwehukukutu hwemwoyo yavo. ¹⁹Havasanyara zvakare vakazvipinza mumanzviro, vaneita zvese zvetsvina nekukara. ²⁰²¹22 Asi imi hamuna kudzidza Kristo saizvozvo. Kana ari iye zvake wamakanzva nekudzidzisiwa maari, sechokwadi muna Jesu. K²³Muvandudziwe mweya munyowani wekurangirira kwenyu. ²⁴Musimire munhu munyowani akasimiwa akafanana naMwari -muchokwadi, mukururama nemuhutsvene. ²⁵Naizvozvo bisai makuwira ,mutaure chokwadi mumwe nemumwe kune wekwake, nekuti tirichikamu chemumwe. ²⁶Nyeterai asi musatadze .Musavidze zuva makanyetera. ²⁷Musapa wakaipa mukana. ²⁸Uyo akaba ngaasaba futi,zvirinani kuti atambudzike abate nemanja ake basa rakanaka ave nechaaanopawo vaneshaiwa. ²⁹Mumumomo menyu murege kubuda shoko rakaora,asi rakanaka

ringasimbise vakafanira rivigire nyasha vanedzva.³⁰Regai kuridza mweya mutsvene waMwari,wamaisiriwa chisimbiso maari kusvikira pazuva rekudzikinuriwa³¹Bisai shungu dzese,nekunyetera ,nenharo ,nekupopota, nekutukana, nezvakaipa. ³²Muitirane mwoyo munyoro, muregererane, sezvamaka regererwawo naMwari. "Apo iye akakwira kumusoro ,akatungamira nhapwamuhutapwa, akapa zvipo kuvanhu."

Jude

Chapter 1

¹Judha, mushandiri waJesu Kirisito nemukoma waJamusi,kune avo vakadaidziwa,kurudo ruri muna Mwari baba, vakabatwa kuva vaJesu Kirisito. ²Tsitsi, rugare nerudo zviwedzerewe kwamuri.³Vadiwa, pandakanga ndisiisa shungu dzese dzekunyora izvi kwamuri zvinozivikaniwa zveruponeso, ndakanyora izvi kwamuri kuti mushingaire zvakananyanya kutsvaga kutenda uko kwakapihwa kabodzi kuvanhu vaMwari vatsvane. ⁴Kune vamwe varume vakaisiwa pakati penyu muchivande. Varume ava vakaisiwa rupawo wekupomehwa. Varune vasina humwari vakasandura nyasha dzaMwari wedu mumanzviro, zvakare vaneramba Tenzi wedu mubodzi naIshe, Jesu Kirisitu.⁵I Iko zvino ndinoda kukufungisei kunyange muchizviziya kuti Jehovha akanga anesu kubva munyika yeIjipiti,asi nekufamba kwenguva vakazoparadza vose vasina kutenda. ⁶Zvakare,ngirozi hadzina kuchengeta nzvimbo yadzo yemvumo,asi dzakasiya nzvimbo yadzo yekugara,mwari vakadziisa pangetani dzazienda nakuenda,murima guru, mukutongwa kwezvuvu guru.⁷NeSodoma neGomora nemaguta adepoteredza akazvifadza neupombwe neupfambi.Vari mufananidzo weavo vachapinda mumoto usingaperi. ⁸Nenzira ibodzi ,varoti vakasvibisa miviri yavo.Vakaramba mvumo vakazvidza vatsvane.⁹Kana naMikairi ngirozi huru,payakakakavadzana nasatani kusvika pakupesana naye nezve mutumbi waMosisi,haana kuda kuisa mutongo kwaari, asi akati,'Mwari ngavakutsiure!'. ¹⁰Asi vanhu vakatuka zvse zvavainge vasinga nzwisise;nezvavaiziva ,se mhuka dzisinganzvisise,ndizvo zvinhu zvavaparadza . ¹¹nhamo kwavari! Nekuti vakapinda munzira yaKaini vakaisiwa kuna Bharami vakaparara mukutukwa kwaKora.¹³Vanhu ava matombo anokuvadza pamutambo wako we rudo, vasiya newe pasina kucha -vafudzi vanozvijira pachavo .Vakafanana nemakore asina mvura anopupurusiwa nemhepo;miti isana mashizha, isina michero- yakafa kaviri ,midzi iri pachena. ¹²Vakafanana nedutu rine hashu mugungwa, ichigadzira kuzvinyadzisa; nyenyedzi dzinopepereka, kuneuyo kuzara kwerima akamuchengetera nekusingaperi. ¹⁴Inoki, wechinomwe kuvha kuna Adhamu,akaporofita nezvazvo, asiti, Nangarawuwone! Jehovha ari kuuya nezvuru nezvuru zvavatsvane vake. ¹⁵Arikuuya kuzopa umwe noumwe mutongo wake, ari kuuya kuzopasa mhosva vakaipa pamabasa avo ose avakaita, asina nzira yehumwari, nemashoko anevava akatauhwa nevatadzi pamusoro pake. " ¹⁶Zvinoti kurirarira, kutenga, vasitevera zvishuwo zvavo zvakaipa. Miromo yavo inotarisa zvekuzvikudza, vanobatira vamwe kuti ivo vasimukire. ¹⁷Asi imi,vadikani,rangarirai mazvi akataurwa nevaApositora aIshe Jeso Christo. ¹⁸Vakati kwamuri,'panguva yekuguma pachava nevaneunjaka vanoteveta zvido zvavo zvakaipa. ¹⁹Ndivo vanokonzero kupokana ;ndevenyika uye havana mweya. ²⁰Asi imi, vadikani, zvivakireni pakutenda kwakasimukira, monamata mumweya mutsvene. ²¹Zvichengetei murudo hwaMwari, momirira panyasha dzaIshe Jesu Kirisitu dzinokupai hupenyu husingaperi. ²²Ivai netsitsi kune avo vaningatendi. ²³Nunureni vabiyenyu nekuvavhuta kuvha kumoto; kune vamwe ratidzeni tsitsi nekucha, musivenga kunyenge nenguwo yakasvibisiwa nemuviri. ²⁴Zvino kune uyo anekwanisa kukuchengetedzei kuvha kukuguniwa zvakare asiita kuti mumire pamberi pehupo hwekupenya kwake tisina mhosva nemufaro mukuru, ²⁵kuna Mwari mubodzi muponei wedu nekuda kwaJesu kirisitu Ishe wedu, ivai nekupenya, hukuru, hutongi nemvumo, mamuri nguva dzese, panguva ino nokusingaperi. Amen.